# WAAJAL SA BOPP CI NDOGAL

Juróomi (5) anam ngir waajal sa bopp ak sa njaboot ci ndogal.

## Bindu ci àrtuy ndogal

Alert Hamilton County, wala “Alert HC,” pexey àrtu lañu yuy yëgal nit ñi dëkk Hamilton County ndogal luy ñëw ak yeneen leeral yu am solo.

Tànnal ci lu ëpp 40 àrtu yu wuute yu lay àrtu jéeya ak ndogal yu mëna am te mëna gàllankoor sa kaaraange. Yëgle yooy mën nañu laleeral ci li xew ba noppi xelal la ci ni nga wara def ba mëna aar sa bopp ak sa njaboot wala mbokk su jéeya amee.

Demal ci **AlertHC.org** nga bindu ngir jot àrtu ci saasi ci sa telefon wala ci email.

## Xoolal sa Kiiraayu Asuraans

Ngay boroom kër wala nga nekk ci luwaas, nga am asuraans benn la ci mattuwaay yi gëna am solo yu lay jàppale nga dékku ab jéeya. Waxtaanal ak ku am xam-xam ci asuraans mu xelal la ni ngay def ba wutal sa moomeel asuraans bu baax ci Hamilton County. Nga bàyyi xel ci asiraansu jéeya yu ci melni mbënd.

## Dencal bu baax dokimaa yu am solo yi

Dencal sa dokimaa yu am solo ci barab bu wóor suko defee soo leen soxlaa doo sonn. Dencal fotokopi këyit yi ngay soxla ci sa portaabal, wala mbuus mu dul tooy, wala nga eskane leen dugal leen ci clé USB nga mën ko yor dula diisal. Këyit yu am solo yi nga wara aar ñooy:

- Këyit ñiy lay ràññee (dàntite, say done, say këyiti imigraasioŋ ak yeneen.)
- Këyit yu ñeel sa xaalis wala yoon (asuraans, dëkkuwaay, auto, bank, këyit yu ñeel sa rëtraite)
- Këyit yu ñeel sa wérgi-yaram (asuraans tawat, këyitu faju, leeral yu ñeel sa garab yuñ la bindal, ak yeneen.)
- Bépp mbir mu am solo ci yaw (lu ci melni nataalu famiy, mbind yu la ñor, wala yeneen mbir yu kenn mënul wecci)

## Wut Matuwaayu Ndogal

Njaboot gi mën nañu tasaaroo su jéeya amee, kon dafay baax ngeen wut nu ngeen di jokkoo suko defee ngeen mëna gisewaat su ngeen tasaaroo. Wut leen barabu daje bu seen famiy miin te xeewa gis. Fexeel sa famiy yépp xam nimero wallu yi ak nimero telefon yu am solo yi. Sudee dangay soxla ndimbal lu bawoo ci sa famiy, say xarit, dëkkandoo, wala ñeneen ñu la mëna jàppale, boole leen ci sa waajal.

## Waajal Mbir yi la jariñ ci Ndogal

Su ndogal li weesoo, amaana dinga soxla taxawu sa njaboot fan yu bari, yu ngeen dul am kuuraŋ waka ndox. Waajal lépp, fexeel def li ngay soxla ci kàrton wala sac bu neexa yóbbu, ten ga fexe sóoraale li képp ku bokk ci kër gi wara soxla (lu ci melni xale, baayima yi, mag ñi, ak ñi ànd ak laago).

- Ndox (1 gallon - 3,7 liitar - nit ku nekk, bis bu nekk, boole ci baayima yi)
- Lekk yudul yàqu ak ubbikaayu potu ñam yuñ kastare
- Làmp torche, batëri, ak looy mëna charger sa telefon
- Garab yin gay soxla, looy toppatoo sa yaram, ak looy fajoo
- Yéré, mbàjj, tëddukaay, ak xaalis



# LU JËM CI PEXEM ÀRTU BITI CI HAMILTON COUNTY

Pexem Àrtu Biti ci Hamilton County mingi wara tollu ci 190 siren bu nekk ci ñomm nekk ci barab yiñ leen tànnal ci dëkk bi. Seen njariñ mooy àrtu nit ñi sudee daa ndogal daa ñëw, suko defee nit ñi wara wut làquwaay ci saasi seen biir kër ba noppi ñu wut ci ay leeral.

Hamilton County EMHSA mënul dig kenn ni àrtu yooyu dina ñu dox nimu waree saa yu ndogal amee, wala ni dina ñu ko dégg ci barab yu bari coow. Loolu moo tax nga wara fexe wut leneen lu lay àrtu ci ndogal ginaaw siren bi. Nit ku nekk warna am pexey àrtu yu bari te wuute. Bindul ci Alert Hamilton County (www.AlertHC.org) ngir mesas yu am solo ci ndogal yi mëna gàllankoor sa kaaraange. Meneen pexe mi ngir am leeral ci ndogal mooy radio NOAA yiy joxe leerali jawwu ji ak yeneen mejaa dëkk bi.

## Kañ lañuy sabloo àrtu yi?

- Serwiisu Meteo bu Réew mi ñooy Àrtu ci Ngelaw lu am doole
- Su ngelaw lu am doole di am, ñi yor kaaraange askan wi ñoo koy yëgle
- Sudee amee ndogal luy waaja dal seen kaw, gaaw leen wut fu ngeen duggu ngeen làqatu fa.

## Lan laa wara def suma déggee àrtu bi di sab?

Wutal fooy dug nga làqatu. Soo ko mënee demal fi gëna làqatu ci batimaa bi nga nekk, ci diir bi gëna sori ci biir, te ngeen moytu nekk ci wetu palanteer yi. Wutal ay xibaar ci saa si: wutal ay leeral ci sa telefon, taalal sa radio nga deglu leerali jawwu ji, nga déglu xibaar yu ñeel dëkk bi.

## Ñaata yoon la àrtu bi wara sab su ndogal amee?

Sudee dañu àrtu ci tornade, àrtu bi dafay sab ñatti yoon ci diggante fukki simili (sab ñatti simili, noppi juróom ñaari simili) ba keroog ndogal li jàll. Amul lenn luy àrtu ni "ndogal li jàll na".

## Kañ lañuy saytu àrtug ndogalu biti?

Àllarba bi njëkk ci weer wi su 12h:00 (ci bëccëg) jotee lañuy saytu àrtu yi, fileek amul jafe-jafe jawwu ci barab bi mu nekk. Su ñuy saytu àrtu bi, benn simili lay sab.

Sudee jawwu ji neexul ci Hamilton County (ngelaw lu am doole lool wala mu sedd ba galaase/sedd bu metti), dañuy soppi toxal bisu àrtu bi ngir aar ko wala ngir moytu jaxase xelu nit ñi. Su ñu ko toxalee dafay nekk Àllarba bi ci top, ci weer woowu, su 12h:00 (ci bëccëg) jotee mu sab lu wara tollu ci 10 saa.

**<u>Jarul ngeen di wut fu ngeen di làqatu su ñuy saytu Pexem Àrtug Ndogalu Biti gi.</u>**

### Lan mooy tornade (ngelaw lu am doole)?

Tornade ngelaw lu am doole la di wëndéelu ànd ak gaawaayu 200 mile ci waxtu, muy joge ci ay dënd wàcci ba ci suuf. Ay xeeti ngelaw yu am doole lañu yu mëna daaneel batimaa, këpp auto, mëna yóbbu lépp lu nekk ci yoonam.

Ci jamonoy tàngoor lay gëna faral di am, waaye mën na am ci jamonoy ju nekk sudee jawwu ji daa jaxasoo.

Serwiisu Meteo Nasionaal dafay yónnee 2 xeeti àrtu ci tornade:

**Xool Tornade**

Tornade mën na am. Ni jawwu ci mel mën nga jur tornade. Fexe leen gaaw jël seeni matuwaay.

**Àrtu Tornade**

Tornade mingi am. Wutal gaaw làquwaay ci biir.

Demal ci AlertHC.org nga bindu ngir jot àrtu ci saasi ci sa telefon wala ci email.